

Jesu ndiye nzira yokuenda kuna Baba



Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu.” JOHANI 14:6

JOHANI 14:6, 18-19, 23-27

Jesu ndiye nzira yokuenda kuna Baba

6 Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri.

18 Handingakusiyei muri nherera; ndichauya kwamuri.

19 Chinguva chiduku nyika haichazondionizve, asi imi muchandiona. Nokuti ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu.

23 Jesu akapindura akati, “Kana munhu achindida, achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye. 24 Uyo asingandidi haateereri kudzidzisa kwangu. Mashoko amunonzwa aya haasi angu; ndea Baba vakandituma.

25 “Zvose izvi ndazvitaure ndichinemi. 26 Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uyo achatumwa na Baba muzita rangu, achakudzidzisa zvinhu zvose uye achakuyeuchidzai zvinhu zvose zvakareva kwamuri. 27 Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai rugare rwangu. Handikupei sokupa kwenyika. Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika uye musatya.